B. QUTLÍMURATOV, N. TÁJENOV

# OQÍW KITABÍ

1-KLASS USHÍN SABAQLÍQ

Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan

Qayta islengen jigirmanshı basılımı

NÓKIS
«BILIM»
2019

http://eduportal.uz

UOK 630066 (075)
KBK 74.261.4
Q. 92

Sabaqlıq Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2002-jılǵı tańlawında jeńimpaz dep tanılǵan.

Q—92 Qutlımuratov B., Tájenov N.
**Oqıw kitabı: 1-klass ushın sabaqlıq.** Qayta islengen jigirmanshı basılımı.–Nókis: «Bilim», 2019. 128 b.

**UOK 630066 (075)**
**KBK 74.261.4**

**Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı. Biypul.**

© **B. Qutlımuratov, N. Tájenov.**
© **«Sharq», 2019.**
**ISBN 978-9943-4446-1-4**
© **«Bilim» baspası, 2019.**

http://eduportal.uz

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GERBI




# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK BAYRAǴÍ



http://eduportal.uz




## Watan degen

Tegin emes tuwǵan topıraq,
Beze almaydı adam degen.
Tereń tamır urǵan daraq —
Watan degen, Watan degen.

I. Yusupov



http://eduportal.uz



## Ámir Temur babamızǵa

Ámir Temur babamız,
Qádirlep eske alamız.
Sárkarda boldıń el qorǵap,
Arttı jurtqa bahańız.

Danıshpansań, aqılsań,
Áskerbası batırsań.
Ózbekstan elim dep,
Ruwxıń shad jatırsań.

A. Xojanbaev

http://eduportal.uz

# QÍS MÁWSIMI



## Qıs

Mine qıs keldi. Suwıq baslandı. Appaq qar hámme jerdi qapladı. Suwlar tońladı. Aǵashlar appaq qarǵa bólendi. Mallar jıllı qoralarǵa jaylastırıldı.

Bizler suwıqtan, qattı samaldan qorıqpaymız. Jıllı kiyimler kiyip, mektepke baramız. Klasımız jıllı. Paltolarımızdı sheship qoyamız. Sabaqtan soń dem alamız, onnan keyin sa-



http://eduportal.uz

baq tayarlaymız. Ata-anamızǵa járdemlesemiz. Tegis muzda shana aydaymız. Keshte kitap oqıymız.

## Sorawlar:

**1.** Qısta qanday ózgerisler boladı?
**2.** Sizler qısta qanday kiyimler kiyesiz?
**3.** Sizler sabaqtan soń ne isleysiz?

## Ayaz ata, Jańa jıl

Kúndey kúlip jamalı,
Jelpip-jelpip samalı.
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Ay juldızǵa ulasıp,
Hár qádemi nur shashıp.
Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Jer hám kókke mudamı,
Tınıshlıq bolıp uranı.

http://eduportal.uz

Dúnya júzin gezip júr,
Ayaz ata, Jańa jıl.

Sh. Ayapov

**Tapsırma:**

Qosıqtı yadlap alıń.

## Ańqaw bala

(Ertek)

Burınları ağayinli eki bala bolıptı. Kishkenesi ańqaw, al úlkeni oğada sum eken.

Bir kúni apası tabaqqa sút quyıp, eki qasıq salıp:

— «Ekewiń ishe qoyıń», — depti.

Sútti ishe baslağanda úlkeni kishkenesine:

— Ekewimiz bir tabaqtan ishken soń, basımız bir-birimizge tiye beredi. Onnan da qasıqtı tabaqtıń ortasına kese qoyayıq, men bir jağın ishıp bolğannan keyin sen bir jağın ishersen, — depti.



http://eduportal.uz

Kishkentayı tabaqqa qasıqtı kese qoyıp, «Iship bol», — dep otıra beripti. Bir zamannan qarasa tabaqta sút qalmaptı.

Sonda ol óziniń ańqawlıǵın sezip, qattı ókinipti.

**Sorawlar:**

**1.** Apası balalarına ne quyıp berdi?
**2.** Úlken balası qanday sumlıq oyladı?
**3**. Usınday sumlıq oylaw durıs pa?

## Buzawım

Jıllı orın qorası,
Úyge jaqın arası.
Emip bolıp anasın,
Oynaqlaydı buzawım.

Qasımnan shawıp ótedi,
Bar usınday ádeti.
Júni jılt-jılt etedi,
Semiz baqqan buzawım.

X. Saparov



http://eduportal.uz

## Ne ushın besew?

Jańa jayǵa kóshkennen keyin Abattıń aǵası altı dana orınlıq satıp ákeldi. Onıń barlıǵın keń bólmedegi dóńgelek stoldıń átirapına qoydı. Tórdegi múyeshke televizordı qoydı.

Keshte awqattan keyin televizor kórip otırǵanda Abat orınlıqlardı sanap kórdi. Bir orınlıqta aǵası otırǵan, birewinde apası otırǵan, taǵı birewinde Jamiyla otırǵan, ekewi bos. Sanasa besew shıqtı.

— Aǵa, orınlıqlar ne ushın besew? Baǵana altaw edi ǵoy, — dedi ol.

— Durıslap sana, — dedi aǵası.

Abat sanap kórsetti.

Apası:

— Óziń otırǵan orınlıqtı sanamaysań ba? — dep edi, hámme birden kúlip jiberdi. Olarǵa qosılıp Abattıń ózi de kúldi.

**Sorawlar:**

**1.** Abat qalay aljastı?

**2.** Ol óziniń aljasqanlıǵın qay waqıtta bildi?



http://eduportal.uz

## Sırǵanaqta

Biziń mekteptiń qasında kishkene ǵana kól bar. Demalıs kúni balalardıń kópshiligi usı kólde sırǵanaq tebiwge jıynaldı.

Marat hámme balalardan burın kelip, ayaǵına konkiy baylay basladı. Sonıń arasında basqa balalar da kelip jetti. Balalar birin-biri quwısıp, jarısıp oynadı. Bekmurat ayaǵındaǵı konkiyi sheshilip ketkenlikten toqtadı. Basqa balalardıń barlıǵı onnan ozıp ketti.



http://eduportal.uz

Ol konkiyin tez baylap aldı da, hámme balalardı quwıp jetti.

Balalar konkiydiń qızıǵına túsip, keshtiń bolǵanın da bilmey qaldı. Marat ta úyine kelip, juwındı, dem aldı. Apasına sırǵanaqtı qalay tepkenin qaldırmay sóylep berdi. Keshte sabaq tayarladı.

**Sorawlar:**

**1.** Balalar demalısın qalay ótkerdi?
**2.** Marat úyine kelip ne isledi?

## Aq qoyan

Júni appaq paxtaday,
Qoyanım appaq, aq qoyan.
Birewdi kórse toqtamay,
Uyaǵa qashar saq qoyan.

Qıymıldap murtı kúledi,
Kewli bárha shad qoyan.
Ólshesem awır keledi,
Semiz, deni saw qoyan.



http://eduportal.uz



Ot beremen gezeklep,
Biziń qoyan toq qoyan.
Jaqın kúnde gójeklep,
Olar boldı kóp qoyan.

X. Saparov

**Tapsırma:**

Qosıqtı yadlap alıń.



http://eduportal.uz

# BÁRHA PARAXATSHÍLÍQ BOLSÍN



## Saqshı

Jawınger meniń bir aǵam,
Watanına saqshı ol.
Jaqında keldi xat maǵan,
Xızmetinde jaqsı ol.

Márt bahadır saqshıǵa,
Bári bir báhár, gúzińde.
Biledi hár tastı da,
Tursa da shıńnıń ústinde.



http://eduportal.uz

Qar uyıtqıǵan úrginde,
Suwıq qattı boraydı.
Kirpik qaqpay ol túnde,
Shegaranı qorǵaydı.

Eldiń batır saqshısı,
Aǵamday bolǵım keledi.
Tezirek ósip el qorǵap,
Alǵıslar alǵım keledi.

Ó. Xojaniyazov

**Sorawlar:**

**1.** Oqıwshı bala kimnen xat aldı?
**2.** Jawınger-saqshılar kimlerdi qorǵaydı?
**3.** Sen úlkeygende kim bolmaqshısań?

## Qaharman

Biziń áskeriy bólimshelerimiz dushpanlardı arqaǵa quwıp saldı. Nemec áskerleri 8 mártebe qarsı hújim jasap kórse de, hár saparı shıǵınǵa ushıradı.



http://eduportal.uz

Jawınger Maqash dushpandı quwıp baratırıp, óz joldaslarınan alǵa ketkenligin sezbey qaldı. Tap sol waqıtta nemec áskerleri jáne qaytadan hújim jasadı.

Maqash ólgen adamday bolıp, jerge jabısıp jattı.

Ústinen ótip baratırǵan áskerlerdiń birewi Maqashtı tewip kórdi. Ol tiri ekenin sezdirmedi. Biraq jańaǵı dushpan pulemyotchikleri uzap ketpedi.

Maqash birden ornınan tikke turdı. Izli-izinen oq atıp, dushpannıń pulemyotchiklerin qırıp tasladı.

Bir kúni áskerlerimiz Dnepr dáryasınan ótiwge tuwra keldi. Maqash birinshi bolıp Dnepr dáryasınan júzip ótip, birneshe dushpan áskerlerin qolǵa túsirdi. Qarsılasqan nemec áskerleriniń kúshlerin qıyrattı. Joldasların Dnepr dáryasınan aman ótkerip aldı.

Jawınger Maqash Balmaǵambetovqa «Qaharman» degen ullı ataq berildi.



http://eduportal.uz

## Soraw hám tapsırma:

1. Jawınger Maqash qanday qaharmanlıq kórsetti?
2. Sizler qanday qaharmanlardı bilesiz? Aytıp beriń.

**Maqal:** Jawǵa janıńdı berseń de,
sırıńdı berme!



## Estelik basında

Estelik basında,
Atam kózin jasladı.
Náletiy urıs haqqında,
Kóp nárse aytıp tasladı:



http://...portal.uz

— Jas jigit edik ol waqta,
Urısqa hámme atlandıq.
Bir qasıq qan qalǵansha,
Watandı jawdan saqladıq.

Astıq talay jollardı,
Nıpqırt ettik dushpandı.
— Qolǵa berip qollardı,
Ákeldik ullı jeńisti.

Mine mınaw estelik,
Urısta qurban bolǵanlar.
Atalardıń erlik dástúrin,
Shıraqlarım, qorǵańlar.

Atamızdıń tilegin,
Bizler qabıl alamız.
Planeta tınıshlıǵın,
Bárha qorǵap turamız!

Á. Seytjanov

## Sózlik

Nıpqırt ettik — joq ettik.



http://eduportal.uz

## Sorawlar:

1. Estelik basında ata kózine nege jas aldı?
2. Jeńis qolǵa qalay kirgizilgen?

### Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan

Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan,
Sawashlarda qalqan bolǵan.
Bul qorǵandı bermew ushın,
Talay mártler bolǵan qurban.

Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan,
Onı súyer bárshe insan.
Bekkem bizde awızbirshilik,
Buza almas heshbir dushpan.

Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan,
Ullı qurılıslardı qurǵan.
Xalqım jasap azatlıqta,
Miynetiniń palın sorǵan.

Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan,
Qutlıqlaydı pútkil jáhán.

http://eduportal.uz

Xalqım jasar tınıshlıqta,
Toq turmısta hám abadan.

X. Úbbiniyazov

## Soraw hám tapsırma:

**1.** Sizler tınıshlıq sózin qalay túsinesiz? Muǵallimniń járdeminde bilip alıń.
**2.** Keyingi bir top qatardı yadlap alıń.

### Naqıllar

Er jigit eli ushın tuwıladı,
Eli ushın óledi.

El qorǵaǵan saqshı bolar,
Jaman adam tıńshı bolar.

### Jumbaq

Úyde bar tilsiz muǵallim,
Onnan men tálim alaman.

(Kitap)

http://eduportal.uz

# ÁDEPLILIK HÁM ADAMGERSHILIK

## Hákim Ulıqpannıń násiyatları

Háy perzent, ata-anańızdı, ustazlarıńızdı, doslarıńızdı, barlıq ózińnen úlkenlerdi húrmet et. Kóp sóyleme. Jaqsı, dana adamlar menen dos bol. Sırıńdı bekkem saqlap bil. Dostıńdı basıńa is túskende sına. Nadan adamlardan qash. Tilińe bekkem bol. Awqattı az je. Kiyimlerińdi taza tut. Hár isti oylanıp isle. Ózińnen úlkenler menen házillespe. Ótirik sóyleme. Heshkimdi jamanlama. Qızǵanshaq, ısırapshıl bolma. Birewdiń jaqsılıǵına jaqsılıq penen juwap ber.

Eger sen usı násiyatlardı yadıńda saqlap, orınlasań, baxıtlı adam bolasań.

### Soraw hám tapsırma:

**1.** Hákim Ulıqpan qanday násiyatlar aytqan?
**2.** Usı násiyatlardı yadıńda tut.

http://eduportal.uz

## Oqıwshınıń qosıǵı

Men balaman, balaman,
Jaqsı iske talaban.
Etse birew erkelik,
Dım oylanıp qalaman.

Men sonıńday balaman,
Jaqsılıqqa talaban.
Qosıq hám saz úyrenip,
Shad namaǵa salaman.

Kún kúlimlep qaraǵan,
Men baxıtlı balaman.
Kim úlgili, kim ziyrek.
Sonnan órnek alaman.

Men balaman, balaman,
Jaqsı iske talaban.
Tapsırmamdı tayarlap,
Oqıwıma baraman.

S. Pirjanov

http://eduportal.uz

## Ómirbektiń dosları

Ómirbektiń Artıq hám Saǵıydulla degen dosları bar edi. Olar bir klasta oqıydı, sabaqtı da birge tayarlaydı.

Bir kúni olar birge sabaq tayarladı. Sonda Artıq eki esaptı durıs sheshti. Úshinshisin shıǵara almadı. Sonda ol Ómirbekke:

— Men esaptı shıǵara almadım, sennen kóshirip alayın, — dedi.

Bunı esitken Saǵıydulla:

— Artıq, sen kóshirip alma. Durısı óziń shıǵar, men túsindireyin, — dedi.

Bul sózdi esitken Ómirbektiń aǵası:

— Áne, haqıyqıy doslar usınday bolıwı kerek, — dedi.

Buǵan úsh dostıń kewilleri júdá kóterilip qaldı.

### Soraw hám tapsırma:

**1.** Gúrrińdi oqıp, sóylep beriń.
**2.** Kóshirip alıw durıs pa?



http://eduportal.uz

## Ektim alma nálshesin

Aǵam menen birge baǵqa,
Ektik alma nálshesin.
Suw quyaman olarǵa,
Tárbiyalap bárshesin.

Ataqlı baǵman edi,
Ázelden aǵam meniń.
Belgili oǵan bári,
Tanıydı istiń kózin.

Sonlıqtan baǵımızdıń
Miywası bolıq boldı.
Baqan menen biz onıń,
Shaqasın tirep qoydıq.

Miynettiń arqasında
Bildim men onıń sırın.
Orınlanar muradıń da,
Kórerseń ráhátin.

Z. Ishmanova

http://eduportal.uz

**Tapsırma:**

Qosıqtıń mazmunın aytıp beriń.

## Eki dos

(Ertek)

Erterekte jawgershilik zamanda eki dos bolǵan eken. Jaw shapqanda birewi qolǵa túsipti. Kóp uzamay ekinshisi dostın izlep jaw áskerbasınıń aldına baradı.

— Men qolıńızǵa túsken jawıngerdiń qunın tólep alıwǵa keldim, — deydi ol. Malım da joq, dúnyam da joq, lekin óz ómirimdi qun ornına beriwge tayarman, — depti.

Áskerbası onı sınamaqshı bolıp:

— Yaqshı, men seni óltirmeymen, biraq ómirińniń bir bólegin bereseń.

— Ol ne? — deydi dostın qutqarıwǵa asıqqan jigit.

— Maǵan seniń kózleriń kerek, eki kózińdi oyıp alaman.

http://eduportal.uz

— Kózimdi tezirek oy da, dostımdı qutqar, — depti jigit.

Kózinen ayırılǵan jigit dostın qushaqlap atırǵanın kórgen áskerbası: «Mına erjúrek ulları bar xalıqtı topa-torıstan bas salmasań, betpe-bet kelip jeńe almaydı ekenseń», — dep oylap, áskerlerine elden shıǵıp ketiwdi buyırǵan eken.

## Sorawlar:

1. Eki dostıń birewi ekinshisin izlep kimge bardı hám ol ne dedi?
2. Áskerbası qanday juwap qaytardı?
3. Dushpanlar qanday jawızlıq isledi?
4. Siz doslıqtı qádirlep bilesiz be?

## Eń jaqsı bala

Sıylasa ata-anasın,
Alsa «4» hám «5» bahasın,
Taza tutsa ústi-basın,
Áne sol ǵana
Eń jaqsı bala.



http://eduportal.uz

Ózine til tiydirmese,
Ata-anasın kúydirmese,
Ótirik sóylep búldirmese,
Áne sol ǵana
Eń jaqsı bala.

Úyde, dúzde miynet etse,
Túrli miywe nálin ekse,
Úkelerin de úyretse,
Áne sol ǵana
Eń jaqsı bala.

Múláyım bolsa sózleri,
Jawdırap tursa júzleri,
Bolsa jipek minezleri,
Áne sol ǵana
Eń jaqsı bala.

T. Yaqshımuratov

## Sorawlar:

**1.** Qanday balanı eń jaqsı bala deymiz?
**2.** Sizler úyde qanday jumıslar isleysiz?



http://eduportal.uz



## Doslıq

Sapargúl jaqsı qız. Ol Sánemniń eń jaqın dostı. Ekewiniń de boyları teń, shashlarına appaq lenta baylap, tap-taza bolıp júredi. Mekteptegi eń ádepli qızlar.

Ekewi de barlıq sabaqlarınan «bes» bahasına oqıydı. Ekewi birge otırıp sabaq tayarlaydı. Mektepke birge barıp, birge qaytadı. Sapargúldiń apası Sapargúlge oramal alǵanda, Sánemge de oramal ákelip berdi. Eki qız sonday tatıw, dos bolıp ósti.

## Tapsırma:

Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.

### Qayıp Ójet

Úp-úlken bolıp Qayıp,
Azap berer pıshıǵına.
Quyrıǵınan uslap alıp,
Kóteredi diń aspanǵa.

Pıshıq bolsa mıyawlaydı,
Qayıp onı tıńlamaydı.
Jiberedi jerge taslap,
Pıshıqqa qutılıw qayǵı.

Apası: «Qoy, balam»,—deydi,
«Jazıǵı ne?» dep keyiydi.
Qayıp bolsa bunnan beter
Onı ántek-tántek eter.

Pıshıq múyeshke qamaldı,
Ashıwlanıp aybat saldı.
Jańa qolı jetken waqta,
Birden qattı tırnap aldı.

http://eduportal.uz

Qolım, — dedi, Qayıp way-way,
Qashıp shıqtı keyin qaray.
Qoy degende qoymaǵanlar,
Jaza alar bárha solay.

Z. Ishmanova

**Sorawlar:**

**1.** Qayıp pıshıqqa qanday azap berdi?
**2.** Pıshıq Qayıptı ne ushın tırnap aldı?
**3.** Qayıptıń háreketleri durıs pa?

## On járdemshi

Men ájapamnıń úyine kirip keldim. Onıń úy ishi kútá taza eken. Balaların tap-taza etip juwındırıp, kiyindirgen. Awqatları pisirilgen. Hámme jeri aynaday jarqırap turıptı. Men onnan:

— Siz hámme jumıstı qalay islep úlgerdińiz? — dep soradım.

Ájapam maǵan kúlimsirep turıp ayttı:

— Sen ele bilmeyseń be? Meniń on járdemshim bar. Olar kúni boyı maǵan jár-



http://eduportal.uz

dem etedi, birewine birewiniń kómegi tiyedi...

— Úyde ózińnen basqa heshkim kórinbeydi ǵoy, on járdemshiń qayda?

— Mine, meniń on járdemshim, — dep maǵan on barmaǵın kórsetti.

## Soraw:

Ájapası úy jumıslarına qalay úlgeredi?

## Jumbaq

Tuwısqan eki ana bar,
Ekewinde on bala.
Hárbiriniń atı bar,
Óz isine márdana.

(Barmaqlar)

## Jala degen jaman

— Qálemin joytıp sál jerde,
Urladıń, — dedi Sánemge.
Bul sózdi aytıp Quwatbay
Jaltańladı hámmege.

http://eduportal.uz

Tekserip kórip qaradıq,
Anıqladıq, soradıq.
Qálemdi Sánem almaptı,
Bul ne degen samsamlıq.

Keshirerlik is emes,
Ya Quwatbay kishi emes.
Ózinde eken qálemi,
Turalmadı sonda hesh.

S. Nurımbetov

## Sorawlar:

**1.** Quwatbay Sánemge ne dep jala japtı?
**2.** Quwatbaydıń isi durıs pa?

## Ustazım



Álipbeni úyretken,
Qolǵa qálem uslatqan.
Tárbiyalap ósirgen,
Mehribanım, ustazım.

Bilim alıp miyrińnen,
Alǵa taslaymız qádem.



http://eduportal.uz

Siz siltegen jol menen,
Biz júremiz, ustazım.

Aytqan sóziń kóp kitap,
Ushıw ushın zor qanat.
Saǵınamız joq taqat,
Sizdi, janım ustazım.

Ashılǵan gúl báhármiz,
Hárbir iske tayarmız.
Biz sizden minnetdarmız,
Hárqashan da, ustazım.

N. Muwsaev

**Tapsırma:**

Qosıqtı yadlap alıń.

## Hadallıq

Quyashlı ıssı kúnlerdiń biri edi. Azat penen Marat demalıs baǵına keldi. Baǵdıń ishi salqın hám payızlı edi. Balalar baǵda



http://eduportal.uz

top oynadı, sharshaǵannan keyin dem alıw ushın otırǵıshqa kelip otırdı.

Sol otırǵıshqa bir hayal áste kelip otırdı. Onıń qolında kishkene balası bar edi. Ol hayal qolındaǵı sumkasın óziniń qasına, otırǵıshqa qoydı.

Bir waqıtları kútilmegende sebelep jawın jawa basladı. Jańaǵı hayal asıǵıslıq penen ornınan turıp, balasın kóterip úyine qaray júrip ketti.

— Ananı qara, Azat, otırǵıshta bir sumka jatır! — dedi Marat.



— Bul sumkanı jańağı hayal umıtıp qaldırğan shığar. Onıń izinen juwırayıq, sumkasın ózine tapsırayıq — dedi Azat. Sóytip olar sol hayaldıń izinen juwırıp keldi de:

— Siz otırğıshta sumkańızdı umıtıp qaldırıpsız, — dep sumkanı oğan berdi. Ol hayal júdá quwandı hám balalarğa alğıs ayttı. Olar ózleriniń islegen isine qanaatlanıp, úylerine qayttı.

Á. Seytjanov

**Sorawlar:**

1. Azat penen Marat qayda keldi hám ne isledi?
2. Hayal balalarğa ne ushın alğıs ayttı?

## Ádepli Ámet

Súp-súykimli ádepli,
Kóshemizde bir bala.
Húrmetleydi Ámetti,
Shın dosları bárhama.

http://eduportal.uz

Jası úlkendi kórse eger,
Sálem berer, ata dep.
Jamanlıqtan jerkener,
Dos emes oǵan jat ádet.

Jas kishige bawırman,
Jalǵan sózge janı qas.
Til alǵıshlıq jaǵınan,
Ol órnek dosqa tabılmas.

Shınlıq ushın taq turar,
Taza sóylew arınday.
Hadallıqtı jaqtırar,
Jaqsı kórer janınday.

S. Ziyawov

## Sorawlar:

**1.** Ámetti dosları ne ushın húrmetleydi?
**2.** Ámettiń qanday isleri basqalarǵa órnek bola aladı?

http://eduportal.uz

# NANDÍ QÁDIRLEYIK



## «Nannıń usağı da nan»

Nan — bul tirishiliktiń tiregi, nan — bul insan ómiriniń arqawı. Nan — bul dasturqan kórki. Insan ómirine hawa menen suwday zárúrli bolǵan usı nannıń qádirine hámme jete ala ma? Geyde awqatlanıw orınlarında, mektep aynalarınıń aldında zaya bolıp atırǵan nanlardı kórip renjiyseń.

Xalqımız abadan, toq turmısta jasap atır. Hámme nárse jetkilikli. Biraq bazıbirewler geyde nandı qádirlewdi bile bermeydi.

— Biziń hárbirimiz xalqımızdıń ırısqı-nesiybesi bolǵan nandı qádirlewdi, onı zaya etpewdi esten shıǵarmawımız kerek.



http://eduportal.uz

Hárbir oqıwshı barlıq waqıt nannıń qádir-qımbatın, adam tirishiligi ushın zárúrligin túsinip, onıń qádirine jete biliwi tiyis.

Nan — bul biyday tuqımın jerge sepkennen keyin, ol pisip jetilisedi. Onı orıp alıp, qarazlarda tartıp un etedi, ata-analarımızdıń sansız miyneti nátiyjesinde dasturqanımızǵa aq nan bolıp jetedi. Sonlıqtan, nannıń usaǵın da zaya qılıwǵa jol qoymań!

## Sorawlar:

**1.** Gúrrińde ne tuwralı aytılǵan?
**2.** Sizlerdiń arańızda nandı qádirlemeytuǵın balalar bar ma?

## Nan

Dasturqanǵa kelgenshe,
Siz benen biz jegenshe.
Jıl boyı diyqan aǵam,
Miynet etip tınbaǵan.

http://eduportal.uz

Jazdıń ıssı kúnleri,
Kúndizi hám túnleri,
Perzentindey ádiwlep,
Kútedi bárha qádirlep.

Jumsap barlıq ıqlasın,
Beredi kóp tárbiyasın.
Usılayınsha márt diyqan,
Jetkeredi hasıl dán.

Kombaynlar atızda,
Írısqımızdı jıynadı.
Mashinalar jollarda,
Dándi tasıp zırladı.

Miynetkesh hám qádirdan,
Ótti talay qollardan.
Sonnan keyin nan boldı,
Jegen sayın pal boldı.

Sh. Atamuratova

**Sorawlar:**

**1.** Nan neden islenedi?



http://eduportal.uz

**2.** Dándi kimler tayarlaydı, oǵan qanday miynet islenedi?
**3.** Kombaynshılar, mashinalar qanday xızmet atqaradı?
**4.** Nan qalayınsha tayarlanadı?
**5.** Sizler nandı qádirley alasızlar ma?

## Yadıńda tut, jan balam

Yadıńda tut, jan balam,
Dúnyada ullı nan balam.
«Nannan ullı bar» dese,
Bul gáp shiyki, qam, balam.

Nan bar eken — ómir bar,
Nan bolmasa ómir tar.
Aytıp ketken babalar,
Tislem nanǵa bolıp zar:

— «Altın, gúmis — tas degen,
Arpa, biyday — as degen».
Nan qádirine jetpegen,
Barıp turǵan pás degen.

http://eduportal.uz

Mánisine qarańlar,
Bilmeseńler, sorańlar.
Nan xalıqtıń baylıǵı,
Dóreter márt adamlar.

Qásterlesek biz nandı,
Alǵıs aytıp mıń sanlı.
Húrmetlegen bolamız,
Nan dóretken insandı.

S. Abbazov

**Tapsırma:**

Qosıqtı oqıp shıǵıp, mazmunın sóylep beriń.

## Naqıl-maqallar

Biyday nanıń bolmasa,
Biyday sóziń joq pa edi.

***

Atalar sózi — aqıldıń kózi.



http://eduportal.uz

***

Jamannan qash,
Jaqsıǵa jantas.

***

Densawlıqtıń qádirin bil,
Qáste bolmastan burın.

***

Awırıw qalsa da,
Ádet qalmaydı.

***

Ashlıqta jegen zaǵaranıń,
Toqlıqta mazası ketpes.

**Tapsırma:**

Naqıl-maqallardıń mánisin muǵallimniń járdeminde bilip alıń.

http://eduportal.uz

# SHAŃARAQ



# Nigara

Nigara fartugin kiydi, keyin stol janına eki orınlıqtı súyrep ákelip, birewiniń ústine úlken bir tabaqtı qoydı da, oǵan suw quydı. Ózi bir orınlıqqa otırıp, tabaqtı stolǵa qoydı. Anasınday jeńin túrip, stoldaǵı ıdıs-tabaqlardı juwa basladı. Úsh-tórt kún boldı, kempir apası awırıp qaldı. Apası keshqurın kempir apasına dári-dármaq beredi, onı juwındıradı, awqat pisiredi. Azanda bolsa jumısqa keshigemen dep asıǵıp ketedi, ıdıs-tabaqlar juwıwsız qaladı.

Nigara ıdıslardı sındırıp qoymayın dep qorqıp, abaylap juwdı. Juwılǵan ıdıs-tabaqlar kóp edi. Keyin súlgi menen juwılǵan ıdıs-tabaqlardı sıpıra basladı. Tazalanǵan ıdıslardı taqlap qoydı. Súlgini alıp, olardıń ústine jawıp atırǵanda, esikten apası kirip keldi. Eki qolında eki sumka, júginiń awırlıǵınan ba yamasa asıqqanınan ba terlep ketipti. Apası tap-taza juwıp qoyǵan ıdıs-tabaqlardı kórip, quwanıp ketti.



http://eduportal.uz

— Way, appaq qızım, maǵan qarasıpsań, — dep qızınıń betinen súydi de, asıǵıp awqat tayarlawǵa kirisip ketti.

Aǵası jumıstan keldi. Ol kiyimin sheship, endi qolın juwǵan edi, apası bir tabaq palawdı stolǵa ákelip qoydı.

Qalayınsha búgin awqat erte tayar boldı, — dep soradı aǵası. Jumıstan kelsem qızıńız ıdıs-tabaqlardı juwıp qoyıptı, tez awqattı tayarlawǵa kirisip kettim, — dedi apası kúlimsirep.

— Bárekella, appaq qızım, — dep aǵası qızın qushaqlap súydi.

P. Muxammediyarova

## Sorawlar:

**1.** Nigara apasına qanday járdem berdi?
**2.** Nigaranıń apası úyinde qanday jumıslardı isleytuǵın edi?
**3.** Nigaranıń ata-anası nege súysindi?

http://eduportal.uz

**4.** Sizler ata-anańızǵa qanday járdem beresizler?

## Írzaman men anama

«Jaman menen júrme» — der,
«Jaman sózge erme» — der,
«Jaqsıdan qol úzbe» — der,
Írzaman men anama.

«Dos-dushpandı ańla» — der,
«Miyman kelse sıyla» — der,
«Jetimge bol qáwender»,
Degenine ırzaman.

Aqıl aytıp jasımnan,
Ketpes edi qasımnan,
Sıypar edi basımnan,
Anama men ırzaman.

Z. Zamatdinov

**Soraw:**

Anası balasına qanday násiyatlar ayttı?



http://eduportal.uz

## Naqıllar

Ata-ananıń tilin alǵan balanıń
Mártebesi hár jerlerde ottay janar.

Atańa ne qılsań,
Aldıńa sol keledi.

## Tazadan kelgen bala

Ádillerdiń klasına tazadan bir bala keldi. Bul balanıń atı Polat eken. Ol sabaqlarına belsene qatnasadı. Biraq sabaqtan soń asıǵıp úyine tez qaytadı. Balalar onıń sebebin bilmeytuǵın edi.

Bir kúni klass basshısı balalardan tuwılǵan kúnlerin soradı. Bir hápteden soń Polattıń tuwılǵan kúni eken. Onıń dosları gúl alıp úyine bardı.

Balalar Polattıń dárwazasınıń qasında toqtadı, esikti ásten ǵana ashtı.

—Kelińler,—dep Polattıń ákesi olardı ishkeri kiriwge shaqırdı. Polattıń ákesi dóń-



http://eduportal.uz

gelekli arbada edi. Ol eki jasar balanı temir jol apatınan saqlap qalǵan. Polat ákesine júdá mehriban. Sonlıqtan, ol sabaqtan keyin bárhama úyine jetiwge asıǵadı.

X. Nurqabulov

## Sorawlar:

**1.** Ádillerdiń klasına tazadan kim keldi?
**2.** Balalar Polattıń úyine nege bardı?
**3.** Polattıń ákesi qanday adam eken?
**4.** Polat sabaqtan keyin úyine jetiwge ne ushın asıǵadı eken?

## Danıshpan

Burınǵı ótken zamanda bir ǵarrı bolǵan eken. Onıń úsh balası bolıptı. Bir kúni ǵarrı balaların shaqırıp alıptı. Eń úlkeniniń qolına shıbıq berip: «Sındırıp, úkeńe ber»,—depti.



http://eduportal.uz



Úlken balası shıbıqtı bir-eki bólip úkesine beripti. Ol da shıbıqlardı sındırıp eń kishkenesine beripti. Kishkenesi de sındırıptı. Sonnan keyin ǵarrı birneshe shıbıqtı qosıp baylap úlken balasına birinshi berip hám oǵan bılay depti: «Qáne, endi sındırıp kór». Balası kóp urınıptı, biraq shıbıqlardı sındıra almaptı. Ortanshı hám kishkene balaları da shıbıqlardı sındıra almaptı.

http://eduportal.uz

«Balalarım, usı shıbıqlarǵa uqsaysızlar. Sonıń ushın tatıw jasańlar, eger awızbirshilikli bolsańızlar, sizlerdi heshqanday kúsh jeńe almaydı!», — depti ǵarrı.

**Sorawlar:**

**1.** Ǵarrı balaların aldına nege shaqırdı?
**2.** Baylanǵan shıbıqlar nege sınbadı?
**3.** Ǵarrı balalarına qanday násiyat berdi?

## Meniń atam

Jetpiske jası kelse de,
Miynetti atam súyedi.
Jurt onı bılay desedi,
«Polat shıǵar súyegi».

Sap denede sap aqıl,
Sózi sıylı eline.
Tik júredi bárhama,
Búgilmegen beli de.

Atızdan úyge kelgende,
Sirá tınım tappaydı.



http://eduportal.uz

Jip penen baylap sipseni,
Balta, beldi saplaydı.

«Báriniń miynet tórkini»,
Atam aytar keńesin.
Miynet penen hár kúni,
Shınıqtırıp denesin.

Nurlanıp bulqıp tasıǵan,
Ómirde kóp nesiybem.
Miynetti súyip jasımnan,
Atamday bolıp ósemen.

X. Saparov

## Sorawlar:

**1.** Ata neshe jasqa shıqqan?
**2.** Jurt oǵan qanday baha berdi?
**3.** Ol úyde qanday jumıslar isleydi?
**4.** Qanday násiyat beredi?
**5.** Miynettiń qanday paydası bar?

http://eduportal.uz

# GÓZZAL BÁHÁR



## Báhár

Mart ayında kúnler ısıy basladı. Qarlar tez eridi. Qurt-qumırsqalarǵa háreket endi. Say-salalarda suwlar tolıp tastı. Jap-salmalardan suw aqtı. Kún taǵı da ısıy basladı. Jer betin kógergen kók shópler qaplap ketti. Baǵlar kútá shıraylı túske kirdi. Túrli gúller ashıla basladı. Aspanda



http://eduportal.uz

qatar-qatar tırnalar kórindi. Jaz qusları kele basladı. Balalar pátpelek ushırdı. Atızlarda jumıs qızıp ketti. Onda traktorshılar jer aydadı.

Báhárdegi istiń barlıq túrleri bizlerdi kútá qızıqtırdı.

**Sorawlar:**

1. Báhárde qanday ózgerisler boladı?
2. Awıllarımızda báhárde qanday jumıslar islenedi?

## Báhár kelgende

Jasıl dónip say-salalar,
Tábiyat bir jasaradı.
Appaq túske enip baǵlar,
Pópeklenip gúl taǵadı.

Arnalardan suwlar aǵıp,
Sıymay turar kenarına.
Alıslardan qanat qaǵıp,
Quslar keler kól boyına.



http://eduportal.uz

Diń-diń etip qoshantaylar,
Kókke toyıp sekiredi.
Awılda gil kishkentaylar,
Izlegenbiz «qoshqargúl»di.

S. Embergenov

**Tapsırmalar:**

1. Qosıqtı dawıslap, kórkemlep oqıń.
2. Báhárdegi tábiyat kórinisin súwretlep aytıp beriń.

## 8-MART — HAYAL-QÍZLAR BAYRAMÍ





http://eduportal.uz

## Kempir apam

Qáwip-qáterden saqlaydı,
Sırtımızdan baqlaydı,
Tek bizlerdi jaqlaydı,
Kempir apam,
Kempir apam.

Tártipti buzsań kúyedi,
Urmaydı, qabaq úyedi,
Keyninen jáne súyedi,
Kempir apam,
Kempir apam.

Ottan-suwdan qorǵap júrer,
Awqat jeń dep zorlap júrer,
Bárimizdi teńdey kórer,
Kempir apam,
Kempir apam.

Kimler qanday bilip júrer,
Ashıwlanbas, kúlip júrer,
Urıspań dep aqıl berer,

http://eduportal.uz

Kempir apam,
Kempir apam.

Ata-anamnıń anasısań,
Adamlardıń danasısań,
Uzaq jıllar shad bop jasań,
Kempir apam,
Kempir apam.

S. Abbazov

## Soraw hám tapsırma:

1. Kempir apalarıńız, ata-analarıńızdıń mehribanlıǵı, keń peyilligi, aqıllıǵı hám jaqsı isleri haqqında aytıp beriń.
2. Sizler olardı húrmetley alasız ba, olardıń kewlinen shıǵa alasız ba, olarǵa qanday járdem beresiz?

## Sawǵa.

Túrli gúller,
Jıl hasılı.
Japıraqları
Jap-jasıl.

http://eduportal.uz

Átir iyisin
Taratar.
Xosh sezimler
Oyatar.

Sol gúllerden
Bir dáste.
Alıp keldim
Gúldáste.

Gúlzarımda
Írǵalǵan.
Gúlim sizge,
Arnalǵan.



Qabıl etiń,
Anajan.
Gúllerimdi,
Jaynaǵan.

Sh. Atamuratova

**Tapsırma:**

Qosıqtı dawıslap, kórkemlep oqıń.



http://eduportal.uz

## Aq sút bergen anańdı

Aq sút berip emizdi,
Tún uyqısın tórt bólip.
Kámalıńa keltirdi,
Engizip sezim-sanańdı.

Uyqılasań barıp qasıńa,
Bir kelgende tórt kelip.
Qımtap qoydı kórpeńdi,
Kórip jataqxanańdı.

Qara boran qıslarda,
Dúbeley dawıl boranda.
Saqladı seni suwıqtan,
Umıtpa hasla panańdı.

Seniń ushın qan tógip,
Seniń ushın jan berip.
Ul baxıtlı bolsın dep,
Qız baxıtlı bolsın dep,
Berdi ayday jamaldı.

http://eduportal.uz

Qanday azap bolsa da,
Qanday qıyın bolsa da.
Hesh waqta qapa qılmaǵıl,
Aq sút bergen anańdı!

J. Aymurzaev

**Tapsırma:**

Analarıńızdıń mehribanlıǵı haqqında aytıp beriń.

## Ana tárbiyası

Bir tarǵıl pıshıǵımız bar edi. Onıń bir ǵana balası qalǵan edi.

Ol qanday ash bolsa da, úydegi nárselerge tiymes edi. Biraq ol álle qayaqlardan gósh urlap ákelip balasına beretuǵın edi. Bir kúni ol awzına úlken bir bólek góshti tislep ákeldi de, onı jerge qoyıp, miyawlap balasın shaqırdı. Balası góshti tislep aldı da, tez-tez jey basladı. Tarǵıl pıshıq apam menen meniń ortamızǵa

http://eduportal.uz

kelip, balasınıń awqat jegenine tamashalap qarap jattı.

Birazdan keyin onıń janına balası keldi, biraq ol anasına usap, tınısh ǵana jatıw ornına moynın dasturqanǵa sozıp ústindegi nárselerdi iyiskeley basladı.

Bul da az bolǵanınday, aldınǵı ayaǵın dasturqanǵa qoydı. Balasınıń dasturqannan bir nárseni almaqshı bolǵanın sezgen ana pıshıq dárhal ornınan turdı. Tap tártipsiz balasınıń támbisin bermekshi bolǵan analarǵa uqsap aldınǵı ayaǵı menen balasınıń basına urıp, túsirip jiberdi. Bunnan soń, balası dasturqanǵa jaqınlamaytuǵın boldı.

Aziz Nesin

## Sorawlar:

1. Tarǵıl pıshıq balasın qalay awqatlandıratuǵın edi?
2. Tarǵıl pıshıq balasın ne ushın dasturqan dógereginen quwıp shıqtı?

http://eduportal.uz

# Dúnyada ne kúshli?

## (Bolǵan waqıya)

Mal qora jaqtan ájeptáwir dawıs esitildi. Baylawlı turǵan buzaw janaybat penen tap járdemge shaqırıp atırǵanday «mó-ó, mó-ó» dep baqırdı.

Onı súze qoyatuǵın basqa mal joq, ne boldı eken dep barsaq, jaqında shóje shıǵarǵan ana tawıq buzawdı qalay bolsa solay múyeshke tıǵıp taslaptı. Gá shoqıydı, gá pánjesi menen tebedi.



http://eduportal.uz

Kirttay tawıqqa úp-úlken buzaw hesh ilaj ete almay tur. Buzawdıń súzgeninen tawıq qaytatuǵın bále emes.

«Tót, háy, tót»,—dep balalar tawıqtı quwdı. Keyin bildik, buzaw onıń bir shójesin basıp óltirgen eken.

Dúnyada ana muhabbatınan kúshli nárse joq eken, — dep tásiyin qaldıq.

R. Ernasheva

## Sorawlar:

**1.** Buzaw nege móńiredi?
**2.** Ana tawıq buzawǵa nege topılǵan?

## Náwbáhár — Nawrız

Aq qaǵaz aq qur bolıp,
Saz-sáwbet, qosıq bir bolıp.
Kúlimlep kel, Gúlbáhár,
Altın bolıp, zer bolıp.

Digirman tart, un elep,
Pisirsin qızlar «súmelek».



http://eduportal.uz



Jigitler ılaq oynaydı,
Nawrızlıqtı bánelep.

Ádep-ikram iyman bol,
Qanáátshıl miyman bol.
Márt jaz bol jaynaǵan,
Gúzde qızıl qırman bol.

Amanlıq, waqtı xoshlıq bol,
Shoq balalıq, jaslıq bol.
Múriybet, mehir-muhabbat,
Dúnya júzilik doslıq bol.



http://eduportal.uz

Aq sáwirge aq nurǵa,
Shomıldır bul dúnyanı.
Bárshege birdey kúlip kel.
Nawqıran — Nawrız bayramı!

Á. Ájiniyazov

## Sorawlar hám tapsırma:

**1.** Qosıqtı kórkemlep oqıń.
**2.** Nawrız qanday bayram?
**3.** Sen Nawrız bayramına qatnastıń ba?

## Nawrız

Kelińizler, balalar,
Birge qosıq aytayıq.
Nawrız keldi úlkemizge,
Shadlanısıp oynayıq.

Gúl maysalar ashılar,
Jolımızǵa shashılar.
Báhár gúldi qutlıqlawǵa,
Diyqan ata asıǵar.



http://eduportal.uz

Naqıratı:

Nawrız, nawrız,
Nawrız keldi úlkemizge,
Álemge gúl shashılar.
Gúlge qonar gúbelek,
Sháwkildeser júrek.
Ájapalar qaynatar,
Góje menen súmelek.

Naqıratı:

Nawrız, nawrız,
Ájapalar qaynatar,
Góje menen súmelek.
Kelińizler, balalar,
Birge qosıq aytayıq.
Nawrız keldi úlkemizge,
Shadlanısıp oynayıq.

N. Muwsaev

## Tapsırmalar:

**1.** Qosıqtı kórkemlep oqıń.
**2.** Nawrız bayramı tuwralı sóylep beriń.



http://eduportal.uz

## Densawlıq — tereń baylıq

Kimde-kim uzaq jasaǵısı kelse, miynet etiwi kerek. Miynet densawlıqtı bekkemlep, ómirdi uzaytadı. Adam qanshama miynet etip, ter shıǵarsa, deni saw, jumıs islewge uqıplı boladı. Miynet adamnıń ishteyin ashadı, awqat jegizedi, jegen awqattı sińdiredi. Awqattı shaynap, maydalap jeseń sińimli boladı.

Tis — uzaq jasawdıń birden-bir quralı, sonıń ushın, onı puqta, taza saqlaw kerek.

Dene shınıǵıwı menen shuǵıllanıw uzaq ómir súriwdiń eń jaqsı usılı.

Azanda erte turıp 15—20 minut dawamında taza hawada júrip, shınıǵıw islegennen soń, awqatlanıw kerek.

Hárbir adam óz tazalıǵına qarap juwınıp turıwı, tez-tez monshaǵa túsiwi, ózin kútiwi — densawlıqtın girewi boladı.

«Deni sawdıń — janı saw» — dep ata-babalarımız biykarǵa aytpaǵan.

http://eduportal.uz

## Naqıl:

«Tazalıq — densawlıqtıń girewi»

## Sorawlar:

1. Adamǵa miynet etiwdiń qanday paydası bar?
2. Tistiń áhmiyeti qanday?

## Sútilmek

Átshók kelse albırar,
«Báhár tańdı kútiń» — dep,
Jap boyında jawdırap,
Kógeredi sútilmek.

Há sútilmek, sútilmek,
Sútke tolǵan sútilmek!
Áste ǵana julayın,
Jartılamay pútinlep.

Jap boyınan jalıqpay,
Kúnde terip alayın.



http://eduportal.uz

Kókke qosıp, kóbeytip,
Qoshantayǵa salayın.

Sútilmek jep qoshantay,
Qoshqar bolar sep-semiz.
Bunda turıp ne payda,
Kúnge quwrap kepseńiz?

I. Yusupov

**Sorawlar:**

**1.** Sútilmek qanday waqıtları kógeredi?
**2.** Sizler sútilmekti kórdińler me?

## Jumbaq

Usap óser bir shóp páshekke,
Boladı onı jesek te.

(Sútilmek)

## Men svetoforman

Dárbentte meniń jayım,
Sizge xızmetke tayın.

http://eduportal.uz



Postta sizden hárdayım,
Men svetoforman, svetofor.

Úsh kózim kúlim qaqqan,
Háreketlerge baqqan,
Ala-ala belbew taqqan,
Men svetoforman, svetofor.

Toqta!
Qızıl janǵanda,
Sarı — dıqqat!
Jasılda —
Deytuǵın alǵa basla,
Men svetoforman, svetofor.

Ayanbayman ózim de,
Xızmetimnen men sizge.
Shadlıq jaynar júzimde,
Men svetoforman, svetofor.

N. Muwsaev

**Tapsırma:**

Qosıqtı kórkemlep oqıń.

http://eduportal.uz

## Tarǵıl pıshıq

Kúndegishe úyde hámmemiz televizor kórip otır edik. Bir waqıtları kishkeneler ushın multfilmler kórsete basladı.

Hámmeniń názeri televizorda. Qápelimde, televizordıń ishinen juǵırlasqan shımshıqlardıń dawısı esitilip, kóp uzamay ózleri de kórindi. Shımshıqlardıń juǵırlasqanın esitken pechtiń quwısında uyqıǵa buyıǵıp jatırǵan tarǵıl pıshıq kózlerin shayday ashıp, qulaǵın tikreytip, ushıp keter-aw degendey ayaqların ep penen basıp televizorǵa jaqınlay basladı.



Tap usı waqıtları televizordıń ekranında bir shımshıq qanatın qaǵıp kerilip oynay basladı. Endi kútip tura bersem ayırılıp qalaman degendey tarǵıl pıshıq ekranǵa birden ózin attı. Tarǵıl pıshıq óz páti menen edenge ushıp tústi.

Shımshıq bolsa xannan qátersiz ele burınǵısınsha kerilip qanatların sozıp oynaydı. Pıshıqtıń eki kózi ele ekranda. Shımshıqqa qaray ekinshi márte jáne oqtay atıldı. Bul rette de tarǵıl pıshıq edenge ushıp tústi. Úshinshi márte negedur atlıqpadı. Erinlerin jalap pisi qurıp, ornına qaray jılıslay basladı. Bizler ushın pánt jegen tarǵıl pıshıqtıń qılwası multfilmnen de qızıq boldı.

A. Xalmuratov

**Sorawlar:**

**1.** Televizorda ne kórsetildi?
**2.** Tarǵıl pıshıq qanday háreket isledi?
**3.** Pıshıq shımshıqtı nege uslay almadı?

http://eduportal.uz

# MENIŃ TUWÍLǴAN ÚLKEM



## Nókis — Qaraqalpaqstannıń paytaxtı

Nókis — ásirese, ǵárezsizlik jıllarında tez pát penen ósip, gúllenip barmaqta. Onda kóp milletli xalıqlar jasaydı. Olar bir-biri menen tatıw turadı.

Nókistiń házirgi turǵan jeri burın toǵaylıq bolǵan. Házir bul jer sulıw qalaǵa aylandı. Qalanıń kósheleri keń hám dúziw.

http://eduportal.uz

Qalada «Jaslar» parki bar. Onda hár túrli terekler ósip turıptı. Barlıq kóshelerde elektr lampaları jaqtı berip tur.

Kóshelerdiń boylarına terekler, gúller egilgen. Olar kóshege sán berip tur.

Qalada mádeniyat orayları — muzey, kitapxana, kinoteatr, muzıkalı teatr, jas tamashagóyler teatrı islep tur. Keleshegi úlken qalalardıń biri — Nókis qalası.

## Sorawlar:

**1.** Nókis Qaraqalpaqstannıń qanday qalalarınan esaplanadı?
**2.** Nókistiń házirgi turǵan jeri burın qanday bolǵan, házir qanday?
**3.** Qalanıń kórinisi tuwralı ne aytılǵan?

## Meniń elim

Qısı gúmis,
Jazı jasıl.
Altın gúzi,
Berer hasıl.

http://eduportal.uz

Báhárine,
Jetpeydi sóz.
Gúllerine,
Toymaydı kóz.
Táriyiplewge,
Tiller jetpes.
Shırayına
Hámme háwes.
Meniń elim —
Tuwǵan jerim.
Gúllene ber,
Eleberin.

Sh. Atamuratova

## Paxta — biziń baylıǵımız

Ǵawashalar tegis ashıla basladı. Appaq paxtalarǵa qaraǵan sayın kóz toymaydı.

Bul biziń márt paxtakeshlerimizdiń jazı menen etken jemisli miynetiniń ónimin jıynawǵa awıl paxtakeshleriniń barlıǵı da aq altın atızlarında qızǵın miynet etpekte.



http://eduportal.uz



Paxtanı zaya etpey terip alıw ushın barlıq kúsh jıyın-terimge qaratılǵan. Demalıs kúnlerinde paxta atızları adamlarǵa tolıp ketedi. Paxta — biziń baylıǵımız. Onnan kiyim-kenshekler tayarlanadı. Paxtanıń shigitinen kúndelikli turmısımızda paydalanatuǵın aq may, sabın, gúnjara alınadı.

## Sorawlar:

**1.** Gúrrińdi oqıp, sóylep beriń.
**2.** Paxtadan neler alınadı?



http://eduportal.uz

## Watanım

Qásterlediń «gúlim» dep,
«Múltiksiz ós ulım» dep.
Qushaǵıńda kúlimlep,
Álpeshlendim, Watanım.

Qayt kókirek bolmasın dep,
Erkelesin, oynasın dep.
Qatarınan qalmasın dep,
Kewilime jettiń, Watanım.

Ne tileseń kewilge say,
Ne qáleseń túwel bárjay.
Kerek desem juldız ya ay,
Tayın ettiń, Watanım.

Perzentke jan analıǵıń,
Aqılı kámil danalıǵıń.
Baxıt qushqan balalıǵım,
Mehribansań, Watanım.

Kútkenińdey erjetermen,
Janımdı pidá etermen.



http://eduportal.uz

Analıq haqıń ótermen,
Xızmetińde, Watanım.

S. Abbazov

**Tapsırma:**

Qosıqtı dawıslap oqıp shıǵıń.

## Awılım

Kúnnen-kúnge jasnaydı,
Meniń gózzal awılım.
Saylardan suwlar aǵıp,
Jasıllanar awılım.

Adamları miynetkesh,
Diyqan hám baǵman bolar.
Miymandos bir-birinen,
Miymanǵa kewli xosh bolar.

Qawın-ǵarbız piskende,
Mazası tildi úyirer.
Júzimleri solqım-solqım,
Salmaqtan úzilip turar.



http://eduportal.uz

Alma hám almurtlar,
Altınday tawlanar,
Anar-ánjir behiler,
Shaqada shoqtay janar.

Z. Ishmanova

**Tapsırma:**

Awıl tábiyatı tuwralı sóylep beriń.

## Kiyim tigiwshi ana

Elimizde kiyim tigiw cexları bar. Bazargúldiń anası eń jaqsı kiyim tigiwshi. Ol balalar ushın kiyimlerdi kútá jaqsı tigedi.

Bazargúl qurdası menen kiyim tigiw cexına bardı. Olar tigiwli turǵan túrli kiyimlerdi kórdi. Sulıwlap tigilgen mına kiyimlerdiń barlıǵın ózińiz tiktińiz be? — dep anasınan soradı.

— Jalǵız men usınshama kiyimniń barlıq túrlerin tigip úlgere almayman. Ol meniń menen birge islewshilerdiń tikken kiyimleri.



http://eduportal.uz



Is ónimli bolıw ushın jańasha usılda isleymiz, — dedi anası.

— Men kiyimlerdi pishíp beremen. Pishilgen kiyimlerdi bólim-bólim bolıp tigedi. Birewi boyın, birewi etegin, birewi jeńin saladı. Solay etip, hárbir kiyim tigilip bolǵansha birneshe qoldan ótedi. Birew kostyum tikse, birew kóylek tigedi.

## Sorawlar:

1. Qızlar qayda bardı?
2. Bazargúldiń anası tigiwshiler tuwralı ne ayttı?

http://eduportal.uz

# BILIM HÁM TÁRBIYA

## Súyinshi

Aydos qıstıń kúni keshki qarańǵıda oqıwdan kiyatırıp bir nársege súrnikti. Bul toptay domalanıp atırǵan bılqıldaq zat sumka edi. Joldıń shetinde jatırǵan sumkadan «adidas» dep jazılǵan toppı kórinip tur.

— Jańabaydiki shıǵar! — dep ol qońsı úyge alıp bardı.

— Meniki emes? — dedi Jańabay da. Olar ekewlep sumkanı ashtı.

Sumkanıń ishinde toppıdan basqa jempiri hám shalbarı bar bolıp shıqtı.

— Birewden túsip qalǵan, — dedi apası. Iyesi tabılǵansha úyde tura bersin.

— Urılardan túsip qalmadı ma eken? — dedi oǵan. Bir sumkanı qalay taslap ketedi? — Qolınan túsiwi múmkin emes!

Bir háptege shekem kiyimlerdiń iyesiniń deregi shıqpadı.

http://eduportal.uz

Aydos muǵallimine tabılǵan zat haqqında ayttı. Muǵallim basqa muǵallimlerge, olar oqıwshılarǵa aytıp shıqtı. Bir kúnleri sumkanıń iyesi Aydostıń úyin izlep keldi. Ol sport mektebiniń treneri edi.

— Men onlaǵan kún burın keshte sport kostyumlarımdı joytıp aldım, — dedi ol. Usı jol menen velosiped penen qaytıp edim. Júk salǵıshqa qıstırıp qoyǵan sumkam túsip qalıptı. Úyim de qalanıń mına shetinde. Keshe muǵallimlerden esitip kelip turman.

Aǵası sumkanı shıǵarıp berdi. Trener raxmetin aytıp, Aydosqa tobın berdi.

— Súyinshige ala ǵoy! — dedi ol. Mendey futbolshı bol. Aydos quwanıp toptı tewip oynap ketti.

J. Óteniyazov

## Sorawlar:

1. Aydos qanday zat tawıp aldı?
2. Sumkada qanday zatlar bar edi?
3. Trener sumkanı qalay joytıp aldı?
4. Trener Aydosqa qanday zat berdi?



http://eduportal.uz

## Naqıl

Atalar jolı biz ushın úlgi.

## Balam

Altaqlama, taltaqlama,
Birew urdı dep jılama,
Ash bolaman dep oylama,
Jigerli bol jastan, balam.

Óshińdi al dushpanıńnan,
Kúshińdi jıyna jasıńnan,
Xalqıń qalmasın qasıńnan,
Kishipeyil bol jastan, balam.

Mańlayıńnan aǵızıp ter,
Jaqsı-jamandı sınap kór,
Jaqsı adamnıń keynine er,
Sonda jolıń bolar, balam.

Malım bar dep asıp-taspa,
Birewler menen jarıspa,

http://eduportal.uz

Orınsız jerde tartıspa,
Retinde sóyle, balam.

Berdaq

## Sorawlar hám tapsırma:

1. «Jigerli bol» degende neni túsinesiz?
2. Kishipeyillik qanday boladı?
3. Klasıńızda sılbır hám menmen balalar bar ma?
4. Jaqsı adamlar tuwralı ózlerińizdiń túsinigińiz benen aytıp beriń.

## Maqtanshaq

Klastağı Jalǵastı,
Hámme bala biledi.
Ótirik penen rastı,
Qosıp aytıp júredi.

Atızdağı salmadan,
Tutsa dağı shabaqtı.

http://eduportal.uz

Úlkenligi mınaday,
Dep kórseter qulashtı.

Tirge bardım keshkisin,
Tań qaldırdım neshshesin.
Bir atqanda túsirdim,
«Ayıw», «qoyan», «túlkisin».

Ol usılay maqtanar,
Jarısqa shıqsa utılar.
Bul ádetten endi ol,
Qalayınsha qutılar?

Z. Ishmanova

**Sorawlar:**

**1.** Jalǵas qanday bala?
**2.** Arańızda usınday bala bar ma?

## Ǵamxorlıq

Abat oqıwdan qaytıp kiyatırǵanda, joldıń shetinde bir nársenіń sesti shıqtı. Anıqlap

http://eduportal.uz



bilgisi kelip, eki adım atlap edi, málshi iri aq qoy eken. Aradan kóp waqıt ótpey-aq jas tóllerdiń dawısı shıqtı.

Ol juwırıwı menen qoydıń qasına keldi. Ana qoy egiz qozı tuwıp, olardı jalap atır eken. Kún ayaz edi. Qozılar shóptiń ústinde qalshıldasıp jatır.

Abat qozılardıń ekewin de paltosına jaylastırıp oradı. Tumsıqların sırtqa shıǵarıp, kóterip júrip edi, ana qoy izinen erdi.

Abat qozılardı hám qoydı iyesine ákelip tapsırdı.

Iyesi Abatqa kóp alǵıslar ayttı. Muǵallimine júdá kewli tolıp, olarǵa alǵıs aytıp qaytatuǵının eskertti.

T. Qayıpbergenov

**Sorawlar:**

**1.** Abat oqıwdan kiyatırıp jolda neni kórdi?
**2.** Abat qozılardı qalay alıp júrdi?
**3.** Iyesi Abatqa ne ushın alǵıs ayttı?

## Bul qanday bala?

Júrgen jerinde,
Diywaldı sızar.
Kishkenelerdiń
Oyının buzar.

Avtobusqa da,
Jaza baslaydı.
Otırǵan ornın
Tesip taslaydı.

http://eduportal.uz

Dúzde júrse de,
Qolı tınbaydı.
Aǵashtı sındırıp,
Bir qırınlaydı.

Tanıp bolmaydı,
Kitap, dápterin.
Esitiwge bolmas
Aytqan gáplerin.

Kiygen kiyimi,
Dım ala-ǵula.
Kimler aytadı
Bul qanday bala?

K. Ernazarov

**Tapsırma:**

Qosıqtı kórkemlep oqıń.

## Tártipli me, ziyrek pe?

Berdan: Erte turıp azanda,
Sport penen shınıqqan.



http://eduportal.uz

Jaqsı oqıyın bárha dep,
Sabaǵına qunıqqan.

Ózi sonday ıqlaslı,
Jaqsı istiń joldası.
Ústi-bası, tap-taza,
Emes hárgiz biymaza.

Kórdiń be sonday balanı,
Kimler bile aladı?
Tártipli me, ziyrek pe,
Úyinde hám mektepte?

Lala: Sabaǵınan bes alar,
Bir unamlı bala bar.
Unatqan jaqsı ádetti,
Turdısh sonday ádepli.

Ótesh: Bizlerde bar Orınbay,
Jaqsı bala sonıńday.

Lizaxan: Bizlerde bar Ulmeken,
Ol «eki», «úsh» degendi,
Sirá alıp kórmegen.

http://eduportal.uz

Balalar: Kel, balalar, minekey,
Usılarday bolayıq.
Óseyik, sóytip ánedey,
Shad zamanǵa ılayıq.

S. Pirjanov

**Tapsırma:**

Qosıqtı kórkemlep, rollerge bólip oqıń.

## Jaraqatlanǵan qırǵawıl

Túski shayımdı iship bolıp, aǵamnıń atız betinde arqanlawlı turǵan atınan xabar alayın degen oy menen jolǵa tústim. Kúndegi ádetim boyınsha awıldıń sırtındaǵı soqpaq jol menen júrip kele berdim. Kún ıssı. Shıjǵırıp tur. Elp etken samal joq. Tez arada atqa jetip keldim.

Jaqın jerdegi salmanıń jaǵasına shıqtım da átirapqa kóz juwırttım. Kók-kóńbek pishenler ırǵalısıp tur. Qápelimde usı

http://eduportal.uz



pishenlerdiń arasınan qanday da bir qustıń dawısı esitildi. Shaqqanlıq penen pishenliktiń arasına súńgip kettim. Qarasam, qanǵa boyalǵan qırǵawıl... Anıqlap kórsem, onıń oń qaptalına oq tiygen eken.

Kóp oylanıp turmastan qırǵawıldı bawırıma qıstım da úyge ákeldim.

Qońsılarımız «Bul qırǵawıldan shekeńde tatıytuǵın sorpa boladı», — dedi. Biraq men buǵan kónbedim. Qaytama, oǵan kúnde dán, suw berip baqtım. Qanatın tańdım.



http://eduportal.uz

Kúnler izinen kúnler óte berdi. Mine, endi qırǵawıl menen xoshlasatuǵın waqıt keldi. Kózim qıymasa da onı ushırıp jiberiwge májbúr boldım.

Mine, qırǵawıl hawaǵa kóterildi. Qanatların emin-erkin qaǵıp ushıp júr. Kóp waqıtqa shekem meniń tóbemde aylanıp ushtı. Sońınan maǵan raxmet aytqanday tómenlep ushtı da, kózden ǵayıp boldı.

«Jetkinshek» gazetasınan

**Tapsırmalar:**

**1.** Gúrrińdi oqıp, sóylep beriń.
**2.** Sizler de quslarǵa ǵamxorlıq islewdi umıtpań.

## Ana quwanıshı

Jasım meniń jetige,
Tolǵanında quwandı.
Birinshi ret mektepke,
Barǵanımda quwandı.

http://eduportal.uz



«A» háribin úyrenip,
Kelgenimde quwandı.
Óz-ózimdi meńgerip,
Júrgenimde quwandı.
Jası úlkenniń qolınan,
Alǵanımda quwandı.
Úkeme dım bawırman,
Bolǵanıma quwandı.
Kewilimdi ózine,
Bólgenime quwandı.
Aǵamnıń men izine,
Ergenime quwandı.
Hár sherekten «5» penen,
Ótkenime quwandı.
Birinshi ret atqa men,
Mingenime quwandı.
Úyretti anam yadımda,
Ótirikti aytpa! — dep.
Jaqsılıqqa talpınǵan,
Baǵıtıńnan qaytpa, — dep.
Úyretti ol mudamı,
Jası úlkendi sıyla, — dep.

Eldiń jaqsı adamı,
Bolıwıńdı oyla, — dep.
Úyretti ol mudamı,
Jalqaw, hayyar bolma, — dep.
Ullı ómir jolında,
Qatarıńnan qalma, — dep.
Úyretti ol birimlep,
Bilmegenimdi biliwdi,
Shın júrekten qádirlep,
Tuwǵan jerdi súyiwdi.

J. Dilmuratov

**Sorawlar:**

**1.** Anası ne ushın quwandı?
**2.** Anası balasına nelerdi úyretti?

**Maqal:** Altın alma — alǵıs al.

## Payǵazınıń paydası

Ayzadaǵa apası shılt jańa aq kóylek ákeldi. Buǵan onıń quwanǵanın aytsań-o.



http://eduportal.uz

Qayta-qayta aynaǵa barıp qaradı. Ústine shap-shaq. Quyılıp tur. Tek Ayzadaǵa ól-shep pishkendey.

— Qutlı bolsın! — dep atır apası. Hátteki, kishkene úkesine deyin:

— Apa, qara, ay-ay, — dep kúlimsiredi.

Keshte aǵası jumıstan keldi.

— Aǵa, kóylegimdi kórdiń be? — dedi Ayzada mıyıǵın tartıp.

— Payǵazı ber, payǵazı.

Aǵası qaltasınan mıń manat shıǵarıp berdi.

...Erteńine mektepte tánepis waqtında Ayzada asxanaǵa qaray juwırdı. Kóylegine alǵan payǵazıǵa mantı aldı. Onı jep atırıp klasınıń oqıwshılarına maqtandı:

— Qarań, aǵam payǵazıǵa mıń manat berdi. Soǵan mantı aldım. Usı máháli qolınan sorǵalaǵan may kóylegine tamshılap ketti. Shılt jańa kóylegin bir kún kiymey atırıp búldirdi.



http://eduportal.uz

— Áne, payǵazınıń paydası, — dep dosları kúlgende, Ayzada ne derin bilmey burıshtay qızardı.

Sh. Paxratdinova

**Sorawlar:**

**1.** Ayzadaǵa apası ne ákelip berdi?
**2.** Aǵası payǵazıǵa ne berdi?
**3.** Ayzada payǵazıǵa ne alıp jedi?

## Biye jılaydı

Iyeleri qoyların úylerine qaray aydap ketti. Otlaqta biye, tay hám men qaldım. Qápelimde qaydan ekeni belgisiz eki qasqır shıǵa keldi. Olar jaqınlap keldi de, taydı talamaqshı boldı. Biye óz balasın qasqırlardan qorǵadı.

Sonlıqtan qasqırlar hújimdi ózgertti. Birewi biyeniń aldınan, ekinshisi artınan topılıs jasadı hám onıń arqasına minip aldı.

http://eduportal.uz



Biye erksiz tayınshaǵın qaldırıp, arqasındaǵı jırtqısh penen dalańlıqqa shawıp ketti. Sonda ekinshi qasqır tayınshaqqa topıldı.

Men ózim tárepke kiyatırǵan biyeniń aldına qıyqıw salıp juwırdım. Jırtqısh dárhal julqınıp biyeniń arqasınan jerge sekirip tústi, ekinshi qasqır tayınshaqtı talap atırǵan jaqqa qaray ketti. Biye tayınshaǵına járdemge jetkenshe asıqtı, men de sol jerge qaray juwırdım.

Men jaqınlaǵan waqıtta ǵana jırtqıshlar qasha basladı. Biraq tayınshaq álleqashan ólip qalǵan edi. Men biyeniń qasına barıp turdım. Ol jansız tayınshaǵınıń tóbesinde únsiz muńayıp turar edi. Onıń kózlerinen monshaq-monshaq jas sorǵaladı. Buǵan meniń júregim ashınıp, ayanıshlı dúrsildep ketti. «Ne ushın bul dúnyada jırtqıshlar jasaydı?» — degen oy keldi maǵan.

A. Guseyinov

**Sorawlar:**

1. Qasqırlar biye menen tayǵa qalayınsha topıldı?
2. Biyeniń kózlerinen ne ushın monshaq-monshaq jas sorǵaladı?

## Áke menen bala

Bir adam on jasar balasın izine ertip, eginnen jayaw kiyatırsa, jolda jatırǵan eski taǵanıń sınıǵın kóredi. Ákesi balasına:



http://eduportal.uz

— Balam, ana taǵanı alıp júr, — deydi. Sonda balası ákesine:

— Sınıp qalǵan eski taǵanı alıp ne qılamız, — depti. Ákesi hesh nárse aytpastan, taǵanı ózi alıp júre beripti. Qalanıń shetindegi temirshi ustaǵa taǵanı úsh tıyınǵa satıptı. Ol aqshaǵa shiye satıp alıp, balasına qaramay júre beripti.

Biraz júrgennen keyin ákesiniń qolınan bir shiye jerge túsip ketedi. Ákesiniń keyninde shiyege qızıǵıp kiyatırǵan bala shiyeni dárhal alıp, awzına saladı. Shamalı júrgennen keyin ákesi taǵı bir shiyeni jerge túsirip jiberedi, bala taǵı da alıp jeydi.

Taǵı taslaydı. Taǵı alıp jeydi. Sonda ákesi balasın toqtatıp bılay depti:

— Kórdiń be, balam? Baǵana eski taǵanı jerden bir eńkeyip alıwǵa erinip ediń, endi sol taǵanıń aqshasına alǵan shiyeni jerge túskenin alaman dep bir eńkeyiwdiń ornına úsh eńkeydiń. Bunnan bılay mına



http://eduportal.uz

gáp esińde bolsın: «Az jumıstı qıyınsınsań, kóp jumısqa tap bolarsań, azǵa qanaat etpeseń, kópten qurı qalarsań», — depti.

## Sorawlar:

**1.** Ákesi menen balası neni kórdi?
**2.** Ákesi balasına ne dedi?
**3.** Balası qanday juwap berdi?
**4.** Ákesi ne isledi?
**5.** Ákesi balasına qanday násiyat ayttı?
**6.** Balasınıń háreketi durıs pa?
**7.** Sizler ata-anańızdı húrmetleysiz be?

## Sózlik:

**Taǵa** — attıń tuyaǵınıń astına qaǵılatuǵın temir.

http://eduportal.uz

# ERTEKLER

## Jolbarıs, qasqır, túlki

Kúnlerdiń birinde bir jolbarıs awırıptı. Jolbarıstıń kewlin soraw ushın maqluqlardıń bári kelipti. Biraq, sonıń ishinde tek túlki kelmey qalıptı. Túlkiniń kelmey qalǵanın qasqır jolbarısqa aytıp jamanlaǵan eken. Bunnan keyin jolbarıs túlkini tawıp keliwdi qasqırǵa buyırıptı.

Bir kúni qasqır túlkige ushırasıp, túlkini jolbarısqa alıp baradı da, ózi ketip qaladı. Sonda jolbarıs:



http://eduportal.uz

— Meniń kewlimdi sorawǵa barlıq maqluqlar kelgende, sen nege kelmediń? — deydi. Sonda túlki jolbarısqa:

— Men seniń awırıwıńdı esitip, em izlep ketip edim, — dep juwap beredi.

— Emdi taptıń ba? — deydi jolbarıs.

— Awa.

— Ol dári qayda? — depti jolbarıs aqırıp. Sonda túlki saspastan:

— Ol dári — qasqırdıń artqı jiliginiń mayı — depti.

Bir kúni qasqır jolbarısqa kelse, jolbarıs táp berip qasqırdıń artqı ayaǵın julıp alıptı.

Qasqır bir kúni shontańlap kiyatırsa, túlkige jolıǵıptı. Sonda túlki qasqırǵa:

— Meni jamanlaǵan menen jolbarıs saǵan ne berdi, qayta ayaǵıńdı julıp alıptı, — dep kúlipti. Qasqır uyalǵanınan qızarıp jónine ketipti.

Birewdi birewge jamanlawdıń aqıbeti usınday boladı eken.

http://eduportal.uz

## Sorawlar:

1. Jolbarıstı kóriwge barlıq haywanlar nege bardı?
2. Túlki qasqırǵa ne dedi?

## Ǵarrı hám shımshıq

(Beruniy gúrrińi)

### 1

Bir ǵarrı bir shımshıq tutıp alıptı. Sonda shımshıq jańaǵı ǵarrıǵa:

— Meni ne qılmaqshısań? — depti.

— Soyıp jemekshimen.

— Maǵan toymaysań ǵoy, — depti shımshıq ǵarrıǵa qarap. — Sebebi, men bir jutımnan artpayman. Eger meni bosatıp jiberseń men saǵan úsh hikayatlı sóz aytaman, sen solardı orınlasań úlken payda kóreseń.

Shımshıqtıń aytqan pikiri ǵarrıǵa maqul túsipti.



http://eduportal.uz



Ǵarrı: — Qáne, onda hikayatlı sózlerińdi ayta ǵoy? — depti.

Shımshıq ǵarrıǵa: — Ótken iske hesh waqıtta ókinbe, qolıńnan kelmeytuǵın iske asılma, aqılıń jetpeytuǵın iske heshqashan isenbe, — depti.

Ǵarrı ózinshe oylanıp: — Bunı jegennen góre, aytqanın qılsam jaqsıraq bolmas pa eken? — depti hám shımshıqtı ushırıp jiberipti. Shımshıq ushıp barıp terekke qonıptı.



http://eduportal.uz

— Eger óz aytqanıńda qattı turıp meni soyıp jegenińde ishimnen kepter máyegindey altın shıǵar edi, — depti shımshıq ǵarrıǵa.

## 2

Ǵarrı shımshıqtı bosatıp jibergenine pushayman bolıptı. Ol shımshıqtı qaytarıp qápeske salmaqshı bolıp, jan talasında shımshıqqa qarap:

— Kel, qayt jayıńa, — depti, — men sen ushın eń mazalı jem, suw tayarlap qoyıppan.

Shımshıq ǵarrıǵa qarap mınaday dedi:

— Áy adam balası, sen meni soya almadıń da, jey almadıń da, hátte men aytqan gápten de juwmaq shıǵara almadıń. Sen meni bosatıp jibergenińe ókinip tursań. Endi meni jáne qápeske salmaqshısań, biraq, bul is qolıńnan kelmeydi. Meniń denemniń ózi kepter máyegindey shıqpaydı, gewdemnen úlken nárse ishime qalay sıyadı? Bunı oylap ta kórmediń.



http://eduportal.uz

Shımshıq usını aytıptı da, ǵarrı menen xoshlasıp ushıp ketipti.

**Tapsırma:**

Birewińiz ǵarrı, birewińiz shımshıq bolıp gúrrińdi oqıp beriń.

## Pil óz iyesin jolbarıstan qalay qutqardı?

Hindstanda jasawshı bir adam qolǵa úyretilgen óz piline minip, otın ákeliwge toǵayǵa bardı. Toǵay qalıń edi. Pil iyesine jol ashıp berip otırdı, aǵashlardı qulatıwǵa kómeklesti, iyesi qulaǵan aǵashlardı pilge arta berdi.

Bir waqıtta pil iyesiniń aytqanın qılmay, ján-jaǵına qaranıp, tumsıǵın joqarı kóterip, shıńǵırıp jiberdi. Iyesi ján-jaǵına qarap edi, hesh nárse kórinbedi.

Pilge keyip, shıbıq penen urdı. Biraq pil iyesine arqama min degendey, tumsıǵın qarmaqtay etip iyip aldı.



Ol pilge minip alıp, shıbıq penen qulaǵına shırpıldatıp ura basladı. Pil keyin sheginińkirep, bir orında turıp ján-jaǵına qaray berdi. Sóytti de tırp etpey turıp qaldı.

Iyesi bar kúshi menen pildi jáne urayın dep, qolına uslaǵan shıbıǵın kótere bergende, birden putanıń arasınan úlken bir jolbarıs sekirip shıǵa keldi. Jolbarıs pildiń

art jaǵınan birden umtılıp, ústine shıǵıp almaqshı boldı.

Biraq, ayaǵı pildiń ústine artılǵan aǵashlarǵa kelip tiyip, aǵashlar sawlap jerge tústi. Jolbarıs taǵı sekirmekshi bolıp ıńǵaylanıp edi, pil de art jaǵına qaray aylanıp úlgerdi de, tumsıǵı menen jolbarıstıń ash belinen orap alıp, juwan arqan menen qısqanday qısıp-qısıp jiberdi, jolbarıs bir baqırıp, ayaqları salbırap qaldı. Pil onı joqarı kóterip alıp jerge bir urdı da, awır ayaqları menen basqılay basladı.

Jolbarıs ólgennen keyin pildiń iyesi esin jıynap:

— Men aqmaq ekenmen, pildi nege sabadım. Ol meni ólimnen alıp qaldı! — dep ókindi.

Bunnan keyin ol úyinen alıp shıqqan nanın da dorbadan shıǵarıp piline berdi.

V. S. Jitkov

http://eduportal.uz

## Sorawlar:

1. Pil iyesi toǵayǵa nege bardı?
2. Pil iyesine qalay járdem berdi?
3. Pil iyesin jolbarıstan qalay qutqardı?
4. Pil iyesi nege ókindi?

## Ǵarrı menen ógiz

Burınǵı ótken zamanda bir ǵarrı menen ógiz diyqanshılıq etken. Ógiz ǵarrıǵa:

— Sende meniń haqım bar, — depti.

Ǵarrı:

— Joq, saǵan jábir etpeymen, usı ekken diyqanshılıǵıma jarı qılaman, — dep diyqan eginin egip boldı. Tárbiyaladı, qırmanǵa ayırdı.

— Al, ógiz jora, qırmandı ekige bóldim, qálegenińdi al, — dedi ǵarrı. Ógiz dánge bir, sabanǵa bir qarap, nápsine kúshi jetpey, kóbirek kórip, sabandı alaman — dedi. Ǵarrı, yaqshı, dep qálegenin berdi.

Ógiz sabanǵa toyıp alıp, sol jerde jatıp qaldı. Ǵarrı dánimdi úyge aparayın dep



http://eduportal.uz

qapqa ketti. Usı waqıtta ógiz sabanǵa toyıp jatıp oylandı.

— Bunıń sabanı mazalı ma eken, yamasa dáni mazalı ma eken dep, ógiz dánnen de bir asadı. Dán qattı mazalı eken. Sabannıń dámi joq eken. Sol waqıtta qabın alıp ǵarrı úyinen jetip keldi.

— Bul ne qılǵanıń, jora, wádeni buzıp qırmanǵa awız salǵanıń? — dedi ǵarrı ógizge.

Way, áttegene-ay, dán mazalı eken, sabannıń dámi joq eken, — dep ókingen eken ógiz.

## Sorawlar:

1. Ǵarrıǵa ógiz ne ayttı?
2. Ǵarrı qanday juwap berdi?
3. Ógiz nege sabandı aldı?
4. Ógiz nege ókindi?

## Qos qoraz

Qızıl qoraz bir ayaǵında turıp, oń qanatın jelpigishtey etip jayıp jiberdi. Sóytip, ol tıq-tıqlap jerdi shoqıy basladı.

http://eduportal.uz

Tawıqlar da onıń qasına jetip keldi. Aq qoraz da qanatın jayıp, bir shaqırdı da toparǵa qosıldı. Bunıń bul háreketin ersi kórgen qızıl qoraz onıń kekilinen shoqıp, topardan quwıp shıqtı.

Eki qoraz aytısıp qaldı. Qızıl qoraz aq qorazdı aqılsız dep ayıpladı.

— Sen shımshıqlardıń biziń sebebimizden dán jep júrgenlerin bilmeyseń, — dedi qızıl qoraz.

— Onı kim biledi, — dep shátirledi aq qoraz.



http://eduportal.uz

— Ana kese sırıqqa qonıp turǵan júz shımshıqtı kórip tursań ba?

— Kórip turıppan.

— Men sol júz shımshıqqa bir kesek ılaqtırıp birewin qulataman, sırıqta neshe shımshıq qaladı?

— Toqsan toǵızı qaladı.

— Sen óziń toqsan toǵızsań, — dep jáne quwaladı onı qızıl qoraz.

— Qáne, seniń bilgishligiń, bilgen joqsań. Usı jumbaǵımdı sheshpegeninshe bizlerge qosılmaysań.

— Qosılmaysań, — dep shuwlastı tawıqlar hám qızıl qorazǵa erip qoranıń qalıń jerine ketip qaldı. Aq qoraz bul jumbaqtıń sheshimin taba almay biraz oylanıp júrdi. Hesh sheshimin taba almadı. Bir waqıtları basına jańadan oy payda boldı. Ol jerden kesek alıp dizilisip turǵan bir shımshıqqa qaray ılaqtırıp jiberdi. Shımshıqlar dúr-rr etip ushıp ketti. Olar qonıp otırǵan sırıqtan basqa hesh nárse qalǵan joq.



http://eduportal.uz

Aq qoraz quwanǵanınan juwırıp barıp qızıl qorazǵa jumbaǵınıń sheshimin ayttı. Qızıl qoraz endi ǵana aqıl kirip kiyatırǵanın aytıp óz toparına qosıp aldı. Qos qoraz solay etip doslasıp ketti.

P. Ámetov

## Sorawlar:

1. Qızıl qoraz bir ayaǵında turıp ne isledi?
2. Aq qorazdı ne ushın topardan quwıp shıqtı?
3. Eki qoraz nege aytısıp qaldı?
4. Qızıl qoraz qanday jumbaq ayttı, aq qoraz onı qalay sheshti?
5. Eki qoraz qalay doslastı?

## Túlki hám keklik

Túlki menen keklik tıshqan awlaw maqsetinde otın terip, onı jaqpaqshı bolıptı.



http://eduportal.uz



Keklik túlkige:

— Sen anaw turǵan otınlardıń arasına barıp jasırınıp otır. Men bir shetinen jaǵa baslayman, — depti.

Túlki jıynalǵan otınlardıń ortasınan úńgir tawıp alıp, onıń ishine túsipti. Keklik otınlardı jaǵıp atırıp:

— Túlkijan, qay jerdeseń, janıp ketpediń be? — depti.

— Yaq, — depti túlki.

Soń túlki keklikke:



http://eduportal.uz

— Júr, endi sál-pál armanıraq baramız. Soń sen otınlardıń arasına kirip jasırınasań, men ot jaǵaman, — depti.

Keklik qalıń otınlardıń arasına jasırınıptı. Al, túlki bolsa jıynalǵan otınlardıń bir shetinen jaǵıp atırıp:

— Keklikjan, dostım, ısıp ketpediń be? — depti.

— Yaq, dostım, ısımadım, — depti keklik. Sonnan soń túlki jıynalǵan otınlardıń tórt tárepinen ot beripti de:

— Dostım, ısıp ketpediń be? — depti.

Biraq keklik juwap bermepti. Sebebi, ol álleqashan otta quwırılıp qalǵan eken. Al, hiyleker túlki bolsa, kábap bolǵan keklikti alıptı da, úyine qaray ketipti.

## Sorawlar hám tapsırma:

**1.** Túlki ottan qalay aman qaldı?
**2.** Keklik otqa nege kúyip ketti?
**3.** Túlkiniń hiylekerligin, kekliktiń haq kókirekligin aytıp beriń.



http://eduportal.uz

# JAZ KELDI



## Jaz

Baslansa geybir egisler,
Pisip turar kók jemisler,
Islegiń kelse kóp isler,
Júdá sulıw jaz ayları.

Malǵa tolı jaylaw bári,
Tikireyisip qulaqları,
Oynar qozı-ılaqları,
Júdá sulıw jaz kewilli.



http://eduportal.uz

Oqıwshılar demalısta,
Sayaxatta bolar jılda,
Kim lagerde, kim awılda,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

S. Abbazov

**Tapsırma:**

Qosıqtı kórkemlep oqıń.

## Kitap

Aǵası qaladan qızıq ertek kitap satıp ákeldi. Polat, Aygúl hám Zamiyra úshewi kitapqa talastı.






http://eduportal.uz

— Men oqıyman! — dedi Zamiyra.

— Berip tursa, kórip bereyin, — dedi Aygúl kitaptıń bir jaǵın uslap tarttı.

— Maǵan ber, birinshi men aldım! — dep Polat ta jarmastı. Úshewi uslaǵan jerinen tartıp, kitap úshke bólindi. Zamiyraǵa qabı, Aygúlge ortańǵı betleri. Polatqa jartı betten ekewi tiyisti.

— Sen jırttıń! — dedi Zamiyra Aygúlge.

— Men emes! — dedi Aygúl. Aǵası kitaptı qolına aldı, onı kórip ayap ketti.

— Kim jırttı?

— Men emes!

— Men emes!

— Men emes!

— Qáne, qaytadan jelimlep alıń!

Keyin olar ókpeni qoyıp, kitaptı jelimlep, gezek penen oqıp shıqtı.

J. Óteniyazov

**Sorawlar hám tapsırma:**

**1.** Gúrrińdi oqıp, sóylep beriń.



http://eduportal.uz

**2.** Balalar nege talastı?
**3.** Olardıń is-háreketleri durıs pa?

## Súwret salıw

Muǵallim oqıwshılarǵa qálegen súwretińizdi salıp keliń, — dep tapsırma beredi. Polat úyge kelgende qonaqlar tórgi jayda kúlisip otır edi. Ol shayın ishıp bolıp qonaqlarǵa sálem berdi.

Eki qonaqtıń birewi dasturqannıń basında temeki shegip, tútinin burqıratıp otır. Úydiń ishi ashshı tútinge tolıp ketken. Al, qonaq bolsa, ústi-ústine shegip otır. Polat dápterine temeki shegip otırǵan adamnıń súwretin saldı.

Erteńine muǵallim Polattı turǵızdı:

— Sen qanday súwret salǵansań?

— «Biyádep qonaq»tıń súwreti.

Muǵallim kúlimsirep súwretke qaradı da, oǵan «bes» bahasın qoydı.

J. Óteniyazov

http://eduportal.uz

## Sorawlar:

1. Polatqa muǵallim qanday tapsırma bergen edi?
2. Polat qonaqtıń súwretin ne ushın saldı?
3. Muǵallim súwretti qalay bahaladı?

## Ústi-bası kir ǵojalaq

Qońsımızdıń balası bar,
Onıń atı edi Qasım.
Apası da shır-pır bolar,
Kórgen waqta ústi-basın.

Taza kiyim kiyip alıp,
Topıraqqa otıradı.
Yaki japtan ılay alıp,
Etegine toltıradı.

Búgin awıl balaları,
Qızıq oyın oynayjaq.
— Qospaymız, — dedi Qasımdı,
Ústi-bası kir ǵojalaq.

http://eduportal.uz

Qıyın balalarǵa barıw,
Qasım biraz turdı bólek.
Apasına kelip dárriw,
— Kiygiz, dedi basqa kóylek.

Basqa kóylektiń barlıǵın,
Keldiń keshe patas etip.
Juwǵan menen ketpey atır,
Qayta-qayta sabın súrtip.

Qasımǵa usılay sóyledi,
Apasın da ashıw qıstap.
Qasım tazalıqtı súydi,
Mine, usı kúnnen baslap.

X. Saparov

## Sorawlar:

**1.** Balalar Qasımdı oyınǵa nege qospadı?
**2.** Apası Qasımǵa ne dedi?
**3.** Qasım ne ushın tazalıqtı súydi?

http://eduportal.uz

# JAZǴA TAPSÍRMA

## Súyemiz sulıw jazdı biz

Oqıwshılar jazı bul,
Qızıq bolıp ótedi.
Barıp kanal, kóllerge,
Shomılamız, júzemiz.

Ósimlikler, gúllerden,
Gerbariyler dúzemiz.
Súyemiz sulıw jazdı biz,
Uzınnan uzaq kúnlerin.

Shıjǵırǵan ıssı kúndizi,
Qońır salqın túnlerin.
Baslanadı demalıs,
Lagerler bizdi kútedi.

Aralap toǵay, tawlardı,
Úyrenemiz úlkeni.
Neni kórsek biz bárin,
Baramız jazıp hár kúni.

http://eduportal.uz

Átirapımız kók egis,
Kórgende kóziń toyadı.
Pisip turǵan kóp jemis,
Jeseń miyriń qanadı.

Sulıwlıqtı jazdaǵı,
Hadal miynet dóretken.
Sonıń ushın biz onı.
Súyemiz shın júrekten.

S. Abbazov

**Tapsırma:**

Qosıqtı tásirli oqıp beriń.

## Jaylaw

(Ańshınıń gúrrińi)

Torańǵıllar arasında jekke kiyatırman. Átirap qapırıq. Tap-taqır soqpaqqa kózim túsip ketip edi, jalǵızaqtıń izleri baqırayıp jatır. Júregim suw etti. Endi qáytemen. Qápelimde qarsı aldımnan kele qalsa?! Ne

http://eduportal.uz

qılǵan. Onsha qáwpeki oyda emespen. Dógeregime alaqlap qarayman.

Usı máhál qalıń sheńgelliktiń arasınan «parr-rr» etken ses shıqtı. Qarasam «gógógó-qaqq!» — dep ushıp baratırǵan qoraz qırǵawıl eken. Janım jayına tústi.

Áne aldımda keńislik. Alısta aydınlar kórinedi. Shaǵalalardıń shańqıldısı, úyirin izlep kisnegen jılqılar, tınıq suwdıń shapırlısı.

Meyli, men suw jaǵasındaǵı kók maysalıqqa barıp awnayın, sonda ózimdi sonshelli baxtıyar sezemen. Mine, biziń jaylaw usınday.

**Tapsırma:**

Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.



http://eduportal.uz

# MAZMUNÍ

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik gerbi hám bayraǵı .................. 3
Mektebim .................. 4
Ámir Temur babamızǵa .................. 5

## Qıs máwsimi

Qıs .................. 6
Ayaz ata, Jańa jıl .................. 7
Ańqaw bala .................. 8
Buzawım .................. 9
Ne ushın besew .................. 10
Sırǵanaqta .................. 11
Aq qoyan .................. 12
Saqshı .................. 14
Qaharman .................. 15
Estelik basında .................. 17
Tınıshlıq ol, bekkem qorǵan .................. 19
Naqıllar .................. 20
Jumbaq .................. 20

## Ádeplilik hám adamgershilik

Hákim Ulıqpannıń násiyatları .................. 21
Oqıwshınıń qosıǵı .................. 22
Ómirbektiń dosları .................. 23
Ektim alma nálshesin .................. 24



http://eduportal.uz

Eki dos ........................................ 25
Eń jaqsı bala ........................................ 26
Doslıq ........................................ 28
Qayıp ójet ........................................ 29
On járdemshi........................................ 30
Jumbaq........................................ 31
Jala degen jaman........................................31
Ustazım........................................ 32
Hadallıq........................................ 33
Ádepli Ámet ........................................ 35

## Nandı qádirleyik

«Nannıń usaǵı da nan»........................................ 37
Nan........................................ 38
Yadıńda tut, jan balam........................................ 40
Naqıl-maqallar ........................................ 41

## Shańaraq

Nigara........................................ 44
Írzaman men anama........................................ 46
Tazadan kelgen bala........................................ 47
Danıshpan........................................ 48
Meniń atam........................................ 50

## Gózzal báhár

Báhár........................................ 68
Báhár kelgende........................................ 69



http://eduportal.uz

## 8-mart — hayal-qızlar bayramı

Kempir apam ............................................ 60
Sawǵa ..................................................... 62
Aq sút bergen anańdı .................................. 66
Ana tárbiyası ........................................... 63
Dúnyada ne kúshli? .................................... 65
Densawlıq — tereń baylıq ............................. 70
Náwbáhár — Nawrız .................................... 72
Nawrız ..................................................... 73
Men svetoforman ........................................ 75
Sútilmek .................................................. 76
Tarǵıl pıshıq ............................................. 78

## Meniń tuwılǵan úlkem

Nókis — Qaraqalpaqstannıń paytaxtı ............... 52
Meniń elim ............................................... 53
Paxta — biziń baylıǵımız .............................. 54
Watanım ................................................... 56
Awılım ..................................................... 57
Kiyim tigiwshi ana ..................................... 58

## Bilim hám tárbiya

Súyinshi .................................................. 80
Balam ...................................................... 82



http://eduportal.uz

Maqtanshaq ........................................ 83
Ǵamxorlıq............................................ 84
Bul qanday bala?.................................. 86
Tártipli me, ziyrek pe? ......................... 87
Jaraqatlanǵan qırǵawıl ......................... 89
Ana quwanıshı ..................................... 91
Payǵazınıń paydası............................... 93
Biye jılaydı ........................................... 95
Áke menen bala ................................... 97

## Ertekler

Jolbarıs, qasqır, túlki .........................100
Ǵarrı hám shımshıq.............................102
Pil óz iyesin jolbarıstan qalay qutqardı? ...........105
Ǵarrı menen ógiz..................................108
Qos qoraz ...........................................109
Túlki hám keklik...................................112

## Jaz keldi

Jaz.......................................................115
Kitap ....................................................116
Súwret salıw ........................................118
Ústi-bası kir ǵojalaq ..............................119

## Jazǵa tapsırma

Súyemiz sulıw jazdı biz.........................121
Jaylaw...................................................122



http://eduportal.uz

Baymurat Qutlımuratov, Nısanbay Tájenov

# OQÍW KITABÍ

1-klass ushın sabaqlıq

Qayta islengen jigirmanshı basılımı

Qaraqalpaq tilinde

«Bilim» baspası
Nókis — 2019

Redaktor S. Aytmuratova
Xudojnikler A. Ametov, K. Reypnazarov
Tex. redaktor B. Turımbetov
Operator N. Qaypbergenova

Licenziya: AI № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 25.05.2019. Ofset usılında basıldı. Formatı 70x90 1/16. Kegl 18. «Pragmatica» garniturası. Kólemi 8,0 baspa tabaq. 9,36 shártli baspa tabaq. 8,14 esap baspa tabaq. Buyırtpa № . Nusqası 13777 dana.

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«Sharq» baspa-poligrafiyalıq akcionerlik kompaniyası.
Tashkent qalası, «Buyuk Turan» kóshesi, 41.

http://eduportal.uz